# BOĞRAXAN ESTELIGINDEGI TOĞÍZ MÚYIZLI ORNAMENTLI CHÍRAQ

**Tolibaev M.E.**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

Búgingi kúnde dúnyada xalıqlardıń óz-ara integraciyalasıwı hám ekonomikada globallasıw processleri jedel ótip atırǵan bir dáwirde milliy ózlikti ańlaw, etnomádeniy dástúrler hám qádiriyatlardı saqlap qalıw, olardı ilimiy tiykarda izertlew úlken áhmiyetke iye. Házirgi waqıtta jámiyetlik-siyasiy processlerde milliyliktiń áhmiyeti artıp, dúnya xalıqları arasında óz tariyxı hám milliy mádeniyatına bolǵan qızıǵıwshılıqtıń keskin artıp atıǵanlıǵınıń sebebi de sonda.

Ónermentshilik insaniyattıń óndiris iskerligi menen payda bolgan, jámiyettiń rawajlanıwı dawamında dáslep diyqanshılıq hám sharwashılıq quramında bolıp, hár qıylı qánigeliklerge bólingen. Sonıń ushın ónermentshilik hámme jerde bir tegis rawajlanbay, dáslep iskerlik ushın zárúr bolǵan tábiyǵiy resurslardıń bar ekenligine qarap ta rawajlanǵan.

Xalqımızdıń ónermentshilik mádeniyatı ózine tán eski dástúrlerge iye bolıp, elimizdiń ekonomikalıq-sociallıq turmısında salmaqlı orın ieleydi. Ónermentshilikte forma hám bezew semantikası máseleleri tek ǵana arxeologiya emes, sonıń menen birge ónertanıw hám etnologiyanıń ayırım máselelerin úyreniwde de ózine tán mashqalalardan biri bolıp esaplanadı. Xalıq ámeliy kórkem ónerinde hár qanday kórinis hám reń belgili bir mániske iye eken, olarda sáwlelengen timsal, súwret hám elementlerde adamlardıń ruwxiy, diniy hám psixologiyalıq kóz-qarasları, tábiyat hádiyseleri haqqındaǵı keń dúnya qarasları orın alǵan.

Ónermentshilik buyımlarındaǵı naǵıs hám kesteler tábiyat qubılısları haqqındaǵı belgilerdiń umıtılǵan tápreplerin aradan qansha waqıt ótkenine qaramastan, salıstırmalı bolsa da, ózinde saqlap qalıw qásiyetine iye boladı. Bul forma hám semantikalıq súwretlewler ózinde sonsha kóp informaciyanı jámleydi, olardı mánis hám mazmun jaǵınan táriyiplew hám súwretlew úlken másele. Qalaberdi, ónermentshilik buyımlarında súwretlengen naǵıslar tek ǵana forma bolıp qalmay, ol arxeologiyalıq hám etnografiyalıq dereklerden biri esaplanıp, olar xalıqtıń diniy túsinikleri hám isenimleri menen de tikkeley baylanıslı. Qubla Aral boyı áyyemgi mádeniy oraylardan biri bolıp, bul jerlerde tariyxımız hám mádeniyatımızdıń besigi jaratılǵan. Solardan biri Bograxan esteligi Qońırat rayonınan 15 km. arqa-batısta, Ámiwdáryanıń orta ásirlerge tiyisli tarmaqlarınan biri bolǵan eski Qarakól kanalınıń oń jaǵasında jaylasqan.

Bograxan qala qarabaxanası yamasa Xovand XIX-ásir xronikalarında Hákim ata Baqırǵaniy mavzoleyi menen Qońırat ortasındaǵı qala qarabaxanası sıpatında tez-tez atap ótilgen. Munis-Agaxiy pikirine qaraǵanda qalanıń haqiqiy atı - Xovand dep atalǵan, biraq ol Bograxan atı menen belgili bolǵan.

Bograxan esteligi haqqında orta ásirlerge tiyisli arab geografiyalıq jazba dereklerinde Al-Istaxriy, al-Makdisiy hám anonim shıǵarma "Hudud ul-olam" shıǵarmalarında Madminiya (Madkaminiya yamasa Badminiya) dep atalǵan. Sonday-aq, Bugraxan esteligin Ya.G.Gulyamov X-ásirdegi Madminiya menen baylanıstıradı. [6., 151-154-bet.].

Bul estelik orni S.P.Tolstov basshılıǵında XX-ásirdiń 50-60-jıllarında Xorezm arxeologiya hám etnografiyalıq ekspediciyası tárepinen anıqlanǵan hám 1946-jılı arxeologiyalıq kartaǵa túsirilgen. Onda esteliktegi jer ústi qatlamındaǵı arxeologiyalıq materiallar jıynalıp, ulıwma juwmaq shıǵarılǵan edi. 1959-jılı Xorezm ekspediciyasınıń Qaraqalpaq etnografiyalıq toparı tárepinen izertlenedi [17., 27-bet.]. Arxeologiyalıq estelik N.Dawqaraev atındaǵı Tariyx, til hám ádebiyat institutı tárepinen V.N.Yagodin basshılıǵında 1963-jılı kórip shıǵılǵan. [22., 7-tom.].

Sonday-aq, t.i.k., docent. M.Turebekov basshılıǵında 1998-2003-jılları Bograxan arxeologiyalıq esteliginde ámelge asırılǵan ilimiy-izertlew jumıslarınıń nátiyjeleri usı aymaqtaǵı arxeologiyalıq estelikler haqqındaǵı maǵlıwmatlardı ilimiy jaqtan jáne de bayıtıwda úlken áhmiyetke iye boldı. [18., 4-tom.].

Qala 992-jılı Mawarawnnaxrdı iyelegen Qaraxaniyler dinastiyasına tiykar salgan Satuq Bograxan atı menen atalǵan hám eski Qońırat qalasınıń paytaxtı wazıypasın atqarǵan.

Qala úlken tegislikte Machan kóli dep atalıwshı kólge jaqın jerde jaylasqan, sonıń ushın da usı kól tasqını júz bergende bul qalanı tez-tez suw basıp turǵan. Qala ark, shahristan hám úlken rabadtan ibarat. Qalanıń ulıwma rejesi jaqsı saqlanǵan. Shahristan ark penen birgelikte 35000 kv.m/den kóbirek maydandı iyelegen. Qala ishindegi mádeniy qatlamnıń qalıńlıǵı 3,5 metrge jetedi. Mádeniy qatlam Góne Úrgenishtegi sıyaqlı IX-XIV-ásirlerge tiyisli arxeologiyalıq materiallarǵa bay esaplanadı. Arkten qubla-shıǵısta XI-XII ásirlerge tiyisli úlken imarattıń izleri saqlanıp, shaması bul minarali jome meshit bolıwı múmkin. Minaranıń tırnaǵı eki metr biyiklikte saqlanıp qalǵanlıǵı hám XIX-ásirdiń aqırında jaqsı kóriniste bolǵanlıǵı A.V. Kaulbarstıń kartasında kórsetilgen. Rabat maydanı shahristan maydanınan 4-5 ese úlken. Bir neshe ret suw tasqınları nátiyjesinde rabadtıń úlken bólegi batpaqqa aylanıp, qamıslıqqa aylanǵan. Qala qarabaxanasınıń ulıwma kórinisi qalanıń ótmishte abat, xalqı kóp bolǵanlıǵınan hám Ámiwdárya boyında sawda-ónermentshilik orayı sıpatında úlken áhmiyetke iye bolganlıǵınan derek beredi.

Bograxan esteliginiń ulıwma maydanı 60 gektardan artıq. Qala citadel, shaxristan hám qorshalmaǵan úlken rabadtan ibarat bolıp, qorshalmaǵan rabadtıń oraylıq bóliminde 250x200 m. kólemdegi sháhristan jaylasqan hám ol qorǵanıw diywalı menen qorshalǵan. Átirapındaǵılardan 0,5-3 m. biyiklikte jaylasqan 60x50 m. ólshemdegi citadel qalanıń arqa-batıs bólimin iyelep, mádeniy qatlamı IX-XIV ásirlerge tiyisli. Bograxan esteliginiń eń qızıqlı tabılmalarınan biri XIII-XIV ásir ortalarındaǵı qatlamınan tabılǵan, tábiyiy material talkoxloritten islengen toǵız múyizli naǵıslı shıraq bolıp tabıladı.



**1-súwret.** ***Talkoxloritli toǵız múyizli aspa shıraq.***

***Talk*** – insanǵa mıń jillar dawamında belgili bolǵan eń jumsaq taslardan biri. Gravyura buyımların tayarlaw ushın paydalanılǵan (ádette, bul jaǵdayda material talkxlorit emes, al steatit dep ataladı).

Áyyemde talk jınısları otqa shıdamlı hám jeńil pishim beriletuǵın material sıpatında joqarı bahalanǵan. Talktan qazan hám basqa da xojalıq ıdısların islewde keń paydalanılǵan. Orta ásir alımları Makdisiy, Beruniy hám basqalar shıǵarmalarında kórsetiliwinshe, Xorezm talk qazıp alınatuǵın oraylardan biri bolǵan. [20., 574.].

Talkoxlorittiń ózine tán ájayıp qásiyeti, yaǵniy onıń qızǵan waqtında jáne de qattılasıwı hám de jıllılıqtı bir tegis hám uzaq waqıt saqlay alıwı oni eń jaqsı pech materialına aylandırdı. Ol 1300-1400 °C ǵa shekemgi temperaturaǵa shıdam beredi hám joqarı sıyımlılıǵı sebepli jıllılıq energiyasın maksimal dárejede toplap hám onı uzaq waqıt dawamında ózinde saqlaydı. [2., 434.]. Asirese talk tası bóleklerinen quyma qálipler islew ushın paydalanılǵan. [10., 310.]. Atap aytqanda, onnan paleolit dáwiri veneralarınıń ayırım háykelleri islengen. Qayta islew ańsatlıǵı, shıdamlılıǵı sebepli ol ájayıp qurılıs hám qaplama otqa shıdamlı material bolıp, ustalar joqarı turaqlı temperatura menen islewge baylanıslı bolǵan buyımlardı tayarlawda talktı abzal kórgen. Sebebi, ıdıslardıń ıssılıqtı jaqsı saqlawı hám otqa shıdamlılıǵı menen túsindiriledi. Sol sebepli talkti "gúlalshılıq tası" dep te ataydı.

Tabılmalar haqqında maǵlıwmatlar bersek, 2001-jılǵı Jartepeniń qubla-batıs bólimindegi oypatlıqta arxeologiyalıq izertlew jumısları nátiyjesinde anıqlanǵan gúlal ıdıslar kompleksi XII-XIII ásir baslarına tiyisli sırlanǵan hám sırlanbaǵan ıdıslar menen belgilenedi. Tabılmalar arasında ildirip qoyıw ushın saqıynası bolǵan qızıl ılaydan islengen tórt shaqlı shıranı atap ótiw orınlı. [5., 56.]. Orta ásirlerge tiyisli Qoyalıq esteligindegi arxeologiyalıq izertlew juwmaqları boyınsha estelik úlken órt nátiyjesinde wayran bolǵan, biraq onda artefaktlar saqlanıp qalǵan. Qoyalıq ibadatxanasınıń zallarınıń birinde arxeologlar siyrek ushırasatuǵın domalaq on úsh múyizli ornamentli shıraqtı (diametri 43 sm. biyikligi 19 sm.) taptı. Onıń atqarǵan diniy wazıypası haqqında múyizler sanı hám qaptal tárepindegi tórt birdey naǵıslar hám olardıń ortasında atanaq dálilleydi. Ilimpazlardıń pikirinshe, bul tabılma óz aldına arnawlı izertlewge arzıydı. Qoyalıq esteligi diywalındaǵı dekorativli naǵısları, bólmeni jaqtılandırıw ushın paydalanılatuǵın kóp sanlı múyiz formasındaǵı shıraq zaldi bezewdegi muqaddes ózgeshelikti kórsetedi - manixeyler otqa sıyınadı, muqaddes orınlarǵa jaqtılıq kiriwi sheklengen bolıwı kerek dep esaplaydı [1., 43.]. Álbette, bul tabılmalardıń hámmesi biybaha, biziń naǵıslı 9 múyizli shıraq ta bir neshe elementlerden quralǵan. Ulıwma alǵanda naǵıslar óz qásiyetlerine kóre geometriyalıq (oyma), ósimlik tárizli (islimiy) hám zoomorf (haywan tárizli) naǵıslarǵa bólinedi [7., 12-bet.].

Shıraqtıń ulıwma diametri 24 sm. bolıp, onıń orayında kesik konus tárizli bórtpe bolıp, oniń ústinde temir sımnan jasalǵan qulaqsha jaylasqan hám oǵan uzınlıǵı 24 sm. bolǵan jámi 11 dana bronza shınjırlar biriktirilgen (hárbir shınjırdıń biyikligi-2,5 sm, eni 1-0,5 sm, qalınlıǵı-0,2 sm). Usı shınjırdıń eń joqarǵı bólegindegi ilgiginde bolsa noqatlar jıynaǵınan ibarat úsh múyeshli geometriyalıq ornamentler súwretlengen hám hár bir úsh múyeshlik ishine bir noqattan túsirilgen. Qulaqsha átirapında diametri 9 sm. bolǵan cilindr tárizli rezervuar jaylasqan.




**2-súwret. Toǵız múyizli ornamentli shıraqtıń sızılması.**

Usta súwretlenıp atırǵan buyımnıń xarakterli qásiyetlerin júdá náziklik penen qamtıp alǵan. Shıraqtıń túbi ornamentlerge bay bolıp, biz onıń mazmunın úsh sheńberde sáwlelengen dep esaplaymız.

Oraylıq bólegindegi **birinshi sheńberde** ashılǵan gúl súwretlengen hám biz onı nilufar gúline uqsattıq. Ashılǵan gúl - mehir-muhabbat hám abadan turmıs tárizin ańlatıp, tınısh-tatıw turmıstan dárek beriw sezimin oyatqan. [13., 8.].

**Nilufar (Nelumbo) –** gúli kóp jıllıq suwda ósetuǵın ósimlik. Diametri 16 sm.ge shekem jetetuǵın jeke, iri xosh iyisli gúli, aq yamasa qızǵılt reńli bolıp japıraqtıń ústinde ashıladı. Miywesi konus tárizli, kóp goza tárizli, suw astında jetiledi. Ónip shıqqannan keyin úshinshi jılı gúlleydi. Nilufar gúli birinshi gezekte quyash simvolı bolǵan, sebebi áyyemnen bul gúldiń jaǵdayı aspanda quyashtıń baǵıtına qaray ózgerip turatuǵınlıǵı anıqlanǵan. [12, 112.].

***Ekinshi sheńber*** boylap stilizaciyalanǵan balıqlar súwretlengen bolıp, oni kózi hám qalashınan tanıw múmkin. Bul balıqlardıń súwreti (jámi 12) sxematikalıq hám shártli bolıwına qaramastan, ádewir turmıslıq islengen.

Naǵıslarda súwretlengen 12 balıq ta simvolikalıq mániske iye hám bul 12 jılǵa silteme bolıwı múmkin. Áyyemgi túrkiy xalıqlarda belgili janzat atı menen atalǵan jil kalendarında tek kún, ay hám jillar emes, bálkim múshe 12 jil da esaplanǵan. [9., 229.]. Ámiwdárya deltası xalqınıń shuǵıllanǵan kásipleri, olar arasında balıqshılıq jetekshi orınlardan biri, ol jergilikli xalıqlardıń ideologiyasında óz sáwleleniwin tapqan hám balıqlardıń antik dáwirden baslap kórkem ónerinde súyikli syujetke aylanıwına tiykarǵı sebep bolǵan. Antik dáwir ushın balıq súwretleri Topıraqqala diywal súwretlerinen belgili. [16., 48a-súwret.].

Orta ásirlerde bul aymaqtıń shtamplanǵan gúlal ıdısları kóbinese balıqlar menen bezetilgen. [4., 12-súwret.].

Ámiwdáryanıń tómengi bóliminde zoomorf naǵıslar shtamplanǵan hám keramika ıdıslardan tısqarı tas buyımlarında da ushırasadı. Qaraqalpaqstan Respublikası Mámleketlik kórkem óner muzeyi fondında Qabatqala oazisinen tabılǵan XI-XIV ásirlerge tiyisli talk plitaları saqlanbaqta. Plitanıń bir tárepinde qoyanlar yamasa kiyikler bası artqa burılǵan halda aldına qarap turǵan jaǵdayda, ekinshi tárepinde bolsa uzın ayaqlı hám tumsıqlı qus súwretlengen. Sonday-aq, Ishan-qala qorıqxanasınıń Xiywa muzeyi kollekciyasında Qaraqalpaqstan Respublikası Beruniy rayonında jaylasqan Sultan-Ways babadan tabılǵan talk buyımları kolleksiyası saqlanadı. Bul toplam arasında zamanagóy shaynekti esletiwshi ıdıs ta bar.

**Úshinshi sheńberde** stilizlengen quslar kórinisindegi zoomorf nağıslar berilgen. Kóplegen quslardıń súwretleniwi áyyemnen xalıqtıń ruwxıy dúnyaqarası menen baylanıslı. Bular **"Quyash qusları"** sıpatında muqaddes esaplanıp, olarda muqaddes kúsh bar dep isengen, olar ónimdarlıq, molshılıq qudayı obrazı belgisi sıpatında berilgen degen ideyalar menen baylanısqan**.** [14., 76.].

**"Qus, -** dep atap ótedi L.Rempel, adamlardıń barlıqtı hám tábiyattı seziwiniń ózine tán obrazlı belgisi, simvolı. Onda adamlardıń aqılıy hám ruwxıy dúnyası, sezimleri, dúnyaqarası sáwlelenedi. Hár bir dáwir hám hár bir ámeliy kórkem óner túri ushın onıń ózine tán kórkemlik forması bar." [15., 31-bet.].

Ayırım xalıqlardıń isenimlerine kóre, insanlardıń jaqsı niyet tileklerin qus óz qanatlarında aspanğa alıp ketedi hám onıń juwabın aspannan alıp túsedi dep túsiniledi. Demek, bul kórinislerde balıqlardıń niyetlerin quslar aspanğa alıp shığıwğa urınıp atır hám joqarıdağı hár bir úshmúyeshlik ishindegi quyashtıń tómenge qaratılğan úsh nurı onıń juwabına uqsas keledi. Usığan baylanıslı ol tikkeley **"álem shejiresi"** úshligi menen baylanısqan. [3., 16-bet.].

Kóshpeli hám yarım kóshpeli xalıqlardıń isenimine kóre, quslar jawız kúshlerden qorğaw menen birge, jaqsılıq alıp keliwshi, abadanlıq bağıshlap, jamanlıqlardı joq qılıwshı kúshke iye. Sonlıqtan, olar quslar tımsalında ózleriniń jaqsı niyetlerin bildirgen. Yağnıy ustalar óz dóretiwshiliginde áyyemgi ata-babalardıń álemniń jaratılıw nızamı haqqındağı kóz qarasların, insan turmıs tárizi filosofiyasın kórsetedi.

Sonday-aq, ıdıstıń hár bir múyiziniń sırtqı diywallarına birme-bir, bólek-bólek jaylastırılğan oyma nağıslar túsirilgen ornamentler de ayrıqsha qızığıwshılıq oyatadı. Nağıs motivleri tiykarınan ósimlik tárizli, geometriyalıq hám zoomorflı keledi.



**3-súwret. Shıra múyizleriniń sırtqı diywallarındağı ornamentler.**

Nağıslar súwretinde real predmetler dúnyası jasırın bolıp, olarda bizdi qorshap turğan dúnya haqqında qanday da bir túsinikler óz kórinisin tapqan. Bul súwretler Aral boyı xalıqlarınıń kórkem ónerine tán. [21., 15-bet.].

Ósimlikler dúnyası tábiyat penen baylanıslı, ósimlik japırağı áyyemnen tirishilik hám tábiyat oyanıwı tımsalı esaplanıp, áyyemgi Iranda da bas kiyimlerine terek, japıraq kórinisin túsiriw dástúrge aylanğan. [11., 9-bet.].

Túrkiy xalıqlar ónermentshiliginde quyash tımsalın sáwlelendiriw tariyxıy-dástúriy mazmunğa iye bolıp, jaqsı niyet tımsalı hám etnotariyxıy qádiriyat sıpatında ata-babalardan áwladlarğa ótip kiyatırğanlığın kóplegen arxeologiyalıq qazılmalar da tastıyıqlaydı. Orta Aziyanıń barlıq xalıqları ónermentshiliginde de quyash hám juldız timsalları ushırasıp, olar insanlardı aspan óz qorğawına alğanına siltemege uqsaydı.

***Shıraqtan ámelde tómendegishe paydalanıw múmkin:*** orayda jaylasqan oyıqshadan múyizlerge bağdarlanğan kanalları arqalı hár bir shaqapshağa may (janılğı) jiberilgen. Nátiyjede aralaspağa sińdirilgen pilik járdeminde barlıq toğız múyizdiń úziliksiz sinxron janıwı támiyinlengen. Bul shıraq itimal, saqlanıp qalmağan temir ilmek járdeminde joqarığa asıp qoyılğan, bunı onıń orayında jaylasqan temir sımnan islengen qulaqları bar kesilgen konus tárizli bórtik kórsetedi. [19., 62-66]. Shıraqta saqlanıp qalğan bronza shınjır, itimal, ildirilgen jağdaydağı shıraqqa qosımsha úskene ushın, sonday-aq, bezew sıpatında mólsherlengen. Bul shıraqta keń tarqalğan bir múyizli keramikalı shıraqlarğa, sonıń ishinde, Jampıq qala esteliginde tabılğan talk shıraqlarına salıstırğanda úlken bólmelerdi jaqtılandırıwdıń abzallığı bar. Bul jerde qazıwlar waqtında derlik birdey formadağı úsh tas (talk) shıraq tabılğan bolıp, olar rezervuarlardıń forması boyınsha parq qıladı. [8., 113]. Ámiwdáryanıń tómengi ağımında ónermentshilik túrleri arasında talk tasın qayta islew ayrıqsha orın ieleydi. Onı qazıp alıw hám kán ornında dáslepki qayta islew, keyin ala elatlı punktlerde jaylasqan ustaxanalarda juwmaqlawshı islew berilgen. Ulıwma alğanda, dástúriy ónermentshilik semantikası hám semiotikasın izertlew adamlardıń dúnyaqarası, diniy isenimi hám túsinikleri menen baylanıslı dástúr, úrp-ádet hám máresimlerdiń mánisin ańlawğa járdem beredi hám ayırım úrp-ádetlerdi mádeniy miyras sıpatında qayta tiklewge kómeklesedi.

Xalıq ónermentshiligi xalıqlardıń diniy-filosofiyalıq kóz-qaraslar menen úziliksiz baylanısqan bolıp, sonıń menen birge olarda jasıl tábiyat, haywanat dúnyası, simvollıq súwretler hám aspan álemi hám ruwxtıń máńgiligi de ańlatılğan.

Juwmaqlap aytqanımızda, Watanımızda ónermentshilik júdá tereń tariyxıy tamırlarğa barıp taqaladı, jergilikli xalıq ázelden tábiyat resursları tiykarında sapalı ónimler tayarlap ózleriniń ishki talapların qanaatlandır otırğan. Búgingi kúnge shekem jaratılıp kelingen, xalqımız xojalığınıń kópshilik tarawların qamtıp alğan ónermentshilik úlgilerinde xalıqlardıń dúnyaqarası, milliy oy-pikiriniń tereń tamırları, turmıs táriziniń rawajlanıw dárejesi kórsetilgen.

**ÁDEBIYATLAR**


1. Байпаков К.М., Воякин Д.А. Средневековый город Каялык. Алматы 2007. Стр. 43.
2. Бетехтин А.Г. Курс минерологи. М., 1956. С.434.

3. Богословская И. Қорақалпоқ нақш санъатида зооморф унсурлар // San'at. 2009. № 2.16-бет.
4. Вишневская О.А. Раскопки караван-сараев Ак-Яйла и Талайхан-ата. // Труды Хорезмской археолого-этнографической экспедиции. М., 1948. с. 459, рис. 12.
5. Грицина А.А., Иваницкий И.Д. Исследование в Заамине. Археологические исследование в Узбекистане 2002. Выпуск. 3.
6. Гулямов Я.Г. История орошения Хорезма. Ташкент, 1957.
7. Гюль Э. Диалог культур в искусстве Узбекистана. – Т. 2005.С.12.
8. Кдырниязов М. Ш. Камнерезное ремесло в средневековом Хорезме. // Археология Приаралья. Вып. № III. Ташкент, 1989.
9. Керимов Л. Азербайджанский ковер. В 3х т. Т. III. Баку, 1983. С. 229.
10. Литвинский Б.А., Мошкова В.Г. Изучение Така-Языра, Дуруна// Тр. ЮТАКЭ. Т. I. Ашхабад, 1949.
11. Лунеева В. Ўзбекистонда бош кийимлари безаги тарихидан // San'at. 2005. № 3-4. – Б. 9.
12. Нозилов Д.А. Ўрта Осиё меъморчилигида одатлар, қойдалар ва рамзий ифодалар. Т. 2011. 112-б.).
13. Носирова З. Бойсун нақшларида баҳор ифори // Мозийдан садо. – Тошкент, 2008. № 1. Б.8.
14. Раппопорт Ю.А. Хоразмские астадан// СЭ. 1962, №4. С. 76.
15. Ремпель Л.И. Цепь времен (Вековые образы и бродячие сюжеты в традиционном искусстве Средней Азии). – Ташкент. 1987. – С.31.
16. Толстов С.П. По следам древнехорезмийской цивилизации. М.,1948. рис. 48а.
17. Толстов С.П., Жданко Т.А., Итина М.А. Работы Хорезмской археолого-этнографической экспедиции АН СССР в 1958-1960 гг. МХЭ. Вып. 6, М., 1963.
18. Туребеков М. Исследования городища Бограхан // Археологические исследования в Узбекистане 2003 год, вып. 4. Ташкент, 2004.
19. Туребеков М., Сапаров Н. Тальковый осветительный пробор из городища Бограхан. Вестник МИЦАИ (Самарканд) выпуск 6, 2007. Стр. 62-66.
20. Ўзбекиситон Миллий энциклопедияси, Давлат илмий нашриёти. 10-жилд. Т. 2002. 574 б.
21. Ходжаниязов Г., Юсупов Н. Уникальный чайник. // Вестник добровольного общества охраны памятников истории и культуры Туркменистана. Вып. №2 (48). Ашхабад, 1989.
22. Ягодин В.Н. Маршрутные археологические исследования в левобережной части приаральской дельты Аму-Дарьи // Материалы Хорезмской экспедиции. Вып.7, М., 1963.


**Annotatsiya:** Bug'roxon yodgorligida tadqiqotlar olib borgan olimlar hususida fikr yuritiladi. Umuman olganda, Amudaryo deltasi chap qirg'og'i arxeologik yodgorliklari o'ziga xos moddiy madaniyat an'analarini saqlab qolganligi va madaniy aloqalar qadimdan shakllangan moddiy madaniyat tarkibiga yangi ko'rinishdagi buyumlar, qurilish va ish uslublarini olib kelganligi xususida tarixiy manbalar keltiriladi.

**Tayanch so'zlar:** arxeologik yodgorliklar, tadqiqot, yozma manbalar, moddiy madaniyat.

**Аннотация:** Обсуждаются ученые, проводившие исследования у памятника Бограхану. В целом исторические источники утверждают, что археологические памятники левого берега дельты Амударьи сохранили свои уникальные традиции материальной культуры и что культурные связи привнесли новые формы материалов, строительства и методов работы в древнюю материальную культуру.

**Ключевые слова:** археологические памятники, исследования, письменные источники, материальная культура/

**Summary:** Scientists who conducted research at the monument to Bugrakhan are also discussed. In general, historical sources state that the archeological monuments of the left bank of the Amudarya Delta have preserved their unique material culture traditions and that cultural ties have brought new forms of materials, construction and work methods to the ancient material culture.

**Key words:** archeological monuments, research, written sources, material culture/

---